# 1985-1991-ЖЫЛЛАРДА ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ПОЛИГРАФИЯ ӨНДИРИСИ: МАШҚАЛАЛАР ҲӘМ ШЕШИМЛЕР

**Р.Идрисов –** *тарийх илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** офсет, тираж, полиграфкомбинат,экономика, эволюция, техника, эндопластик станок
**Ключевые слова:** офсет, тираж, полиграфическая комбинат. экономика, эволюция, техника, эндопластический станок.
**Key words**: offset, circulation, polygraph combination, economy, evolution, technique, endoplastic machine

1985-жылы СССРда дағаза қылынған «қайта қурыў» сиясаты бул дәўирге келип жәмийеттиң барлық тараўларын қамтып алған еди. Дәслеп экономиканы раўажландырыўға үлкен итибар қаратылды. 1986- жылы 17-мартта КПСС Орайлық Комитети ҳәм СССР Министрлер Кеңеси тәрепинен «Қарақалпақстан АССРның экономикалық ҳәм жәмийетлик раўажланыўын жеделлестириў ис-илажлары ҳаққында» қарар қабыл етилди, сол тийкарда Қарақалпақстан партия комитети ҳәм ҚҚАССР Министрлер Кеңесиниң 1986-жыл 15-майдағы қарары қабылланды. Сол ўақытларда республикада 4 республика газеталары, 15 областъ ҳәм 4 көп тиражлы газеталар, 3 журнал басып шығарылатуғын еди. «Қарақалпақстан» баспасының улыўма тиражы болса 1450 баспа табақ муғдарында 200 атамада китап өнимлеринен ибарат еди [1].

«Қарақалпақстан» баспасы тәрепинен, сондай-ақ, сабақлықлар ҳәм оқыў әдебиятларды ислеп шығарыў режесин шөлкемлестириўде базы бир қыйыншылықлар жүзеге келди. 1980-жыллардың орталарында республика Билимлендириў министрлиги системасында 857 мектеп болып (1984-жыл), оларда 400 мыңнан аслам оқыўшылар билим алды. Сабақлықларға талап артты, соның ушын министрлик ҳәр жылы 300 ден артық атамада мектеп оқыў қолланбалары, методикалық әдебиятлар ҳәм улыўма көлеми 26 миллион баспа қағаз ҳәм басқа да қағаз өнимлерин басып шығарыў ушын арза тапсырды, баспаның имканиятлары болса 5 миллион баспа қағаз бенен шекленген [2].

1986-жылы профессор И. Қарақуловтың «Қырық сораў» шығармасы қарақалпақ тилинде басып шығарылды (12 б/т. 2000 нусқа). Бул жерде жасларды әдеплиликке тәрбиялаў машқалалары, доктор Н. Ходаковтың «Жас шаңарақ, келин-күйеўлерге» (10 б/т. 10000 нусқада). 1987-жылы ушын философлар М.Яқубов, Ж.Базарбаев, Т.Изимбетов ҳәм басқалардың мийнетлерин басып шығарыў режелестирилген еди [3].

Республика Министрлер Кеңесинде өндирис кәрханаларын басқарыўдың жаңа түрлерине өтиў режеси ислеп шығылды. 1990-жыл қарсаңында К.Бегжанов басшылығындағы Комитет қурамына 4 республика, 15 район ҳәм 3 көп тиражлы газеталар, 3 журнал, Қарақалпақстан баспасы, Нөкис полиграфкомбинаты ҳәм газета-журнал баспасы кирди. Республиканың барлық полиграфия кәрханаларында жаңа басқарыў түрлерине өтиў режелестирилген еди. Басқарыўдың жаңа түрлери қурамына мийнеттиң бригадалы түри, хожалық есабы ҳәм өзин өзи қаржыландырыў, кооперация, индивидуал мийнет жумысы, шаңарақлық арендасы кирер еди. Нөкис полиграфия комбинаты ҳәм район баспаханалары бригада арендасы ҳәм хожалық есабына өтиўге таярлық көрилген еди.

Бул қыйын дәўирде Генжебай Досымбетов Қарақалпақстан полиграфия тараўларының баслығы болды. Ол өндиристи қайта қурыў ҳәм полиграфия тараўларының қурамалы машқалаларын шешиўи керек болған «жаңа толқын»ның жетекшиси еди. 1986-жылы полиграфкомбинаттың улыўма жыйналысында жаңа басқарыў түрлерине өтиўге қарар қылынды. Қарақалпақстанның полиграфия кәрханаларында 1987-жыл 1-январьдан баслап мийнеттиң бригада түрине ҳәм хожалық есабына өтиў режелестирилген еди. Районларда полиграфия тараўларының ислеп шығарыўды уйғынластырыў жумыслары басланды, яғный заманагөй техникалар менен үскенелеўди жетилистириў ҳәм аз рентабельли кәрханаларды қысқартыў мақсетинде баспаханаларды бирлестириў ҳәм районлар аралық баспаханаларды пайда етиўден ибарат еди.

1980-жыллардың ақырында экономиканың барлық тараўларында кризис жағдайлары гүзетилди, бул болса полиграфия өндирисине де өз тәсирин тийгизди. Сол ўақытларда Қарақалпақстанның полиграфия өндириси кәрханалары қысқарды ҳәм олар Нөкис полиграфия комбинаты ҳәм 12 район баспаханаларында көринди. Бул жерде 23 газета ҳәм үш журнал басып шығарылды, олардың улыўма тиражлары сәйкес түрде 37,8 миллион ҳәм 352 мың нусқаны қурады. Барлық китаплар ҳәм сабақлықлар, тийкарынан Нөкис полиграф комбинатында шығарылған, сондай-ақ қағаз буйымлар, бланка өнимлер, штамплар ҳәм мөрлер таярланған. Басқарыўдың жаңа түрлерине өтилиўде бул кәрханалар басқа пуллы хызметлерди де көрсетти, мәселен, диплом папкаларын иследи, визиткалар, мирәтнамаларды басып шығарды, штамплар ҳәм басқа товарлар таярланды. «Қарақалпақстан» баспасында 245 атамада тиражы 2.030 мың нусқада китапларды басып шығарылды.

Г.Досымбетов 1989-жылы Республика Комитет баслығы болды, бул лаўазымда ол 1994-жылға шекем жумыс иследи. Кейин Нөкис полиграфкомбинатына қайтып келди ҳәм 2008-жылға шекем оның директоры болды. Бүгинги күни Генжебай Досымбетов напақада. Оның басшылығында Нөкис полиграфкомбинатында өнимлер сыпатын асырыў ҳәм ислеп шығарыўды технологиялық қайта үскенелеў бойынша бир қатар ислер әмелге асырылды ҳәм кадрлар таярлаў интенсив түрде алып барылды. Полиграфия бойынша жоқары оқыў орынлары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларына оқыўға кириў ушын жолламбалар бериў арқалы жас кадрларды таярлаў иси шөлкемлестирилди. Г.Қыдырбеков, А.Мигас, П.Хожалепесова, Б.Мамбетназаров сыяқлы жас хызметкерлер Россия ҳәм Украинадағы жоқары оқыў орынларына, қалғанлары Ташкент полиграфия билим журтына жолламбалар алды [3].

1980-жыллардың ақыры полиграфия тараўы ушын ең қыйын дәўир есапланады, себеби экономикалық байланыслар бузылды, орайласқан басқарыў системасы ислемей қалды, қағаз ҳәм басқа баспахана үскенелери жетиспеди. Соған қарамастан, Нөкис полиграфкомбинаты жаңа үскенелер менен тәмийинленди. 1986-жылы бир бояўлы «Доминанта-314» машинасы орнатылды, еки жылдан соң - «Доминанта-725» еки бояўлы офсет машинасы орнатылды, ол избе-из ислейтуғын краска прогонлар жәрдеминде бояўды ҳәр түрли реңли (толық реңли) басып шығарыў ушын мөлшерленген. Сондай-ақ, бул жерде жаңа машиналар иске түсирилди, яғный-«ТП-32» эндопластик станок (дәптер сыртын гезлеме ямаса қағаз бенен жабыстырылған қағаз менен бирге тегислеў ушын), жабыстырыўшы машина, тигель машинасы «АДАСТ» ҳәм басқа көплеген үскенелер. Тараў нураныйы Г.Досымбетовтың еске түсириўинше, бул дәўирде линотиплер топламы фотонабор менен алмастырылған болып, ол Санкт-Петербургтағы завод үскенелери, «Каскад», «СПТ», «ЭВМ» СП-14-20 системаларында әмелге асырылған.

Дереклерге қарағанда, 1990-жылдың тоғыз айында республиканың полиграф кәрханалары, сондай-ақ олар китаплар ҳәм басқа өнимлер ислеп шығарыў режесин 106,5 пайызға орынлаған болса да, шығыны көп болды. Мәселен, республика китап баспалары халық билимлендириўдиң барлық системасын оқыў әдебиятлары

менен тәмийинледи. Архив материалларында «барлық оқыў әдебиятлары пайдасыз есапланады, соның ушын 1989-жылы оқыў әдебиятларды басып шығарыўдан 518 мың рубль, 1990-жылда 624 мың рубль зыянды қурады» [4].

1980-жыллардың ақырындағы жәмийетлик-экономикалық кризис барлық аўқам (СССР) да полиграфия системасының турақсызланыўына алып келди. Бул ўақытта көплеген газета ҳәм журналлардың шығыўы тоқтатылды, мәселен, Қарақалпақстанда «Агитатор блокноты» журналы тоқтатылды, район газеталары санын ҳәптеге 2 мәртеге шекем қысқартыўға мәжбүр болды.

Китап саўдасы системасының өзине тән машқалалары бар еди, бирақ 1990-жыл 9 ай даўамында Қарақалпақстан китап саўдасы режеси 102,2 пайызға орынланды [5].

Бул тараўдың нураныйы 1956-жылы Кегейли районында туўылған Айсәнем Бекбаўлиеваның еске түсириўинше, 1980-жылларда Нөкис қаласының өзинде онға жақын китап дүканлары ислеп турған. «Мен дәслеп китап складында жумыс иследим, соң военкомат жанындағы китап дүканына («Глобус» китап дүканы. – Еслетпе автордан) сатыўшы болып өттим, - деп еслейди ол. – Сол ўақытларда Нөкис қаласы орайындағы 9 қабатлы үй астында үлкен китап дүканы, Гөне қалада, Нөкис аэропорты имараты жанында, Орайлық универмаг қасында жайма китап шақапшасы бар еди. Мен өзим бир ай жумыс ишинде 150-200 мыңға жақын китап сатар едим. Аэропорт имараты ишиндеги шақапшада ислеген дәўиримде китап саўдасы жүдә қызғын болар еди, себеби «Қарақалпақстан» баспасында көплеген ғалабалық, сол ўақытлары ең атақлы авторлар китапларын басып шығарар еди. Киев, Москва, Махачкала қалаларына көп китапларды сатар едик. Көбинесе китаплар газета қағазында басылар еди. Китапларды буйыртпа арқалы почтадан да жиберер едик» [6].

Жуўмақлап айтқанда, 1980-жылларда Қарақалпақстанның баспа ҳәм полиграфия өндирисинде техникалық реконструкция әмелге асырылды, бул китап ислеп шығарыў көрсеткишлериниң өсиўи, үгит-нәсиятлаў әдебиятлары көлеминиң сезилерли дәрежеде асыўы менен харектерленеди. Соның менен бирге, 1980-жыллардың екинши ярымында полиграфия тараўында кризистиң күшейиўи байқалады. Режеге киритилген районлардағы баспахана имаратларын қурыў артқа созылып, жаңадан алып келинип атырған үскенелерди жайластырыў ушын, хызметкерлердиң салмақлы мийнет етиўи ушын шәрт-шараятлар қыйынласа баслады. Тийкарынан, жумысқа мектепти тамамлаған жаслар менен ўақтынша ислейтуғынлар қабыл етилип, қәнигелерди таярлаў ушын зәрүрли байланыслар пәсейип кетти.

Системаны қайта шөлкемлестириў, 1990-жыл 20-июльдеги Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Пәрманы менен Мәмлекетлик баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша Мәмлекет комитети, Мәмлекет полиграфия комитети (Госкомпечать) деп өзгертирилди. Қарақалпақстан Мәмлекет полиграфия Комитети системасында Нөкис полиграфкомбинаты, 12 район баспаханасы, «Қарақалпақстан» ҳәм «Билим» баспалары, газета-журнал баспасы ҳәм «Өзкитап» Қарақалпақ бирлеспеси жумыс алып барды . Улыўма алғанда, бул тараўда 1067 қәниге жумыс менен тәмийинленди.

Республикада 23 газета, үш журнал, китаплар ҳәм оқыў әдебиятлары, ақ қағаз товарлары ҳәм бланка өнимлери, маркалар ҳәм мөрлер таярланды ҳәм басқа пуллы хызметлер көрсетилди. Республиканың барлық баспаханаларында 20,8 миллион нусқада китап ҳәм журнал өнимлери, 30 миллион нусқада газета, 7 миллион баспа табақ баспа өнимлер ислеп шығарылды. 100000 дана сүўрет сызыў ушын дәптер, 250000 дана жумыс жүритиў материаллары, 160000 мектеп күнделиклери, 10000 дана тутыныў қағазы болды. Қағаз ҳәм ақ қағаз буйымларға мәмлекет буйыртпасы бар еди. Баспалар 38 миллион баспа әдебиятты басып шығарды, соннан оқыў әдебиятларына мәмлекет буйыртпасы 16 миллион баспа табақ, балалар ушын 4 миллион баспа басылымды қурады. Газета-журналлар баспасы газета ҳәм журналларды басып шығарыў менен шуғылланды, олардың бир басылым саны 242000 нусқаны қурады.

1989-жыл 1-январьдан баслап республиканың барлық полиграфия кәрханалары хожалық есабындағы ҳәм өзин-өзи қаржыландырыўға өтти. Газеталарды басып шығарыўдан түскен қаржы баспахананың улыўма табысының тек ғана 20-30 пайызын қурады. Буннан басқа, республика полиграфия өндириси ушын газета қағазлары ҳәм баспахана қағазларын жеткерип бериў машқалалары басланды. Әдетте, қағаз бурынғы аўқамның орайлық аймақларынан жеткерип берилер еди, мәселен, газета-журнал баспасы шәртнама тийкарында Саликамский ҳәм Балахнинский қағаз комбинатларынан газета қағазларын алар еди. Жеткерип бериўдиң кешигиўи баспахананың бир тәртипте ислемеўине, жумыс режиминиң бузылыўына, үскенелердиң ислемей қалыўына алып келди, нәтийжеде режелер ҳәм есап-китапларды өзгертиўге туўра келди.

**Әдебиятлар**


1. / Совет Қарақалпақстаны, 1987-жыл, 5-май.
2. ҚР МОА, 1-фонд, 48-опись, 418-дело, 6-б.
3. Юсупов О., Досымбетов Г. Нөкис полиграфкомбинатына – 75 жыл. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1996, 69-70-б.
4. ҚР МОА, Р-423-фонд, 1-опись, 43-дело, 11-б.
5. ҚР МОА, Р-423-фонд, 1-опись, 43-дело, 19-б.
6. Автордың дала жазыўларынан. Айсәнем Бекбаўлиеваның еске түсириўи, Ноябрь, 2019. Нөкис қаласы.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақола Қорақалпоғистонда нашриёт соҳасининг инқирозга учраган ва совет давлатининг мафкуравий асосларининг тугатилишига, нашриёт соҳасида муаммоларнинг кучайиши ва унга ечим топиш жараёнларига бағишланган. Мақоланинг хронологик доираси 1985 йилнинг иккинчи ярмидан 1991 йил бошларигача бўлган даврни ўз ичига олади.

**РЕЗЮМЕ.** Данная статья посвящена кризису издательского дела в Каракалпакстане и распаду идеологических основ советского государства, истории нарастания проблем в издательском деле и поиску их решения. Хронологические рамки статьи включают период со второй половины 1985 года по начало 1991 года.

**SUMMARY.** This article is devoted to the crisis of the publishing industry in Karakalpakstan and the collapse of the ideological foundations of the Soviet state, the history of growing problems in the publishing industry and the search for their solutions. The chronological scope of the article includes the period from the second half of 1985 to the beginning of 1991.